

BAB III


MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Desain jeung Sumber Data Panalungtikan

3.1.1 Desain Panalungtikan

Métode panalungtikan nya éta cara anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan. Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode kuasi ékspérimén. Ieu métode digunakeun pikeun ngajawab masalah panalungtikan nya éta héngkérna kamampuh siswa dina nulis sisindiran wangun rarakitan jeung paparikan. Kamampuh nulis siswa dina nulis sisindiran diukur dua kali, nya éta saméméh jeung sanggeus sampel panalungtikan dibéré perlakuan ku cara ngagunakeun Modél Pangajaran Tématik. Cara ngukur kamampuh siswa nu dilakukeun saméméh dibéré perlakuan disebutna tés awal (*praté*s), sedengkeun tés nu dilakukeun sabada dibéré perlakuan disebutna tés ahir (*Pascaté*s).

Desain panalungtikan kuasi ékspérimén téh aya tilu, nya éta (1) *One-shot case study*, (2) *Pre-test and Pos-test Group*, jeung (3) *Static group comparison*. Desain panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta *Pre-test and Pos-test Group*, tapi teu ngagunakeun kelas kontrol anu digambarkeun saperti ieu di handap.



Desain panalungtikan *Pre-test and Pos-test Group*

(Arikunto, 2006:85)

Katerangan:

O_1 : tés awal (saméméh dibéré perlakuan)

O_2 : tés ahir (sabada dibéré perlakuan)

X: Perlakuan ka kelompok ékspérimén ngagunakeun Modél Pangajaran Tématik

3.1.2 Sumber Data Panalungtikan

3.1.2.1 Populasi

Numutkeun Arikunto (2006:130) populasi nya éta sakabéh subjék anu ditalungtik.

Populasi jeung sampel dina ieu panalungtikan mangrupa sumber data. Populasi mangrupa sakabéh unit individu anu ditalungtik sifat jeung karakterna. Populasi dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas VIII SMP Pasundan 6 Bandung Taun ajar 2010/2011, anu jumlahna kurang leuwih 114 siswa.

3.1.2.2 Sampel

Sampel nya éta bagian tina populasi anu ditalungtik (Arikunto, 2006:131). Anapon sampel dina ieu panalungtikan nya éta mangrupa bagian ti siswa kelas VIII SMP Pasundan 6 Bandung anu jumlahna aya tilu kelas (VIII A, VIII B, jeung VIII C). Pikeun nangtukeun sampel anu ditalungtik, panalungtik ngagunakeun

cara *purpose* atawa sampel dipilih dumasar tinimbangan guru basa Sunda di éta sakola. Dumasar hasil tinimbang guru basa Sunda di éta sakola, kelas nu baris dijadikeun kelas ékspérimén téh nya éta kelas VIII C. Ku kituna, sumber data ieu panalungtikan téh nya éta siswa kelas VIII C SMP Pasundan 6 Bandung taun ajaran 2010/2011 anu jumlahna 30 urang. Dipilihna siswa kelas VIII C téh lantaran masih kénéh loba siswa anu can bisa nulis sisindiran.

3.2 Instrumén Panalungtikan

Dumasar kana téknik panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan, instrumén anu digunakeun dina Tématik nya éta instrumén tés. Instrumen tés ditepikeun ka murid, jenis tés nu diterapkeun nya éta mangrupa tés nulis sisindiran. Aspék anu dipeunteun dina ieu tés nya éta basa, eusi, jeung kasaluyuan antara cangkang sisindiran jeung eusi sisindiran anu disaluyukeun jeung téma anu ditangtukeun.

Tés nya éta runtuyan patalékan atawa latihan anu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, intelegensi, kamampuh atawa bakat anu dipiboga ku individu/kelompok. Anapon jenis tésna nya éta téknik tés préstasi atawa *achievement test* nya éta tés anu digunakeun pikeun ngukur sajumlah mana kamajuan siswa dina ngahontal préstasi diajarna sanggeus siswa ngagunakeun métode atawa modél anu tangtu (dina ieu panalungtikan mah nya éta modél pangajaran Tématik).

Anapon kritéria alat tés pikeun ngumpulkeun data nya éta:

1. Obyéktif

Hasil anu kahontal kudu bisa ngagambarkeun kaayaan anu sabenerna sarta bisa ngagambarkeun tingkat kamampuh siswa séwang-séwangan.

2. Cocok (*Suitable*)

Tés anu digunakeun téh kudu luyu jeung maksud sarta jenis data anu dikumpulkeun pikeun nguji hipotesis anu geus dirumuskeun atawa saluyu jeung masalah anu ditalungtik.

3. Valid

Validitas alat tés nya éta tingkat kaakuratan alat tés pikeun diujicobakeun ka hiji kelompok anu tangtu.

4. Réliabel

Tés anu digunakeun bisa dipaké tan watés waktu jeung tempat ka kelompok nu sarua.

Tés anu digunakeun mangrupa tés anu sipatna aplikatif (penerapan) anu nungtut kamampuh ngalarapkeun pangaweruh téoritis siswa kana kagiatan praktis tur kongkrét. Dina ieu tés siswa ditungtut sangkan enya-enya bisa ngamangpaatkeun sastra dina karya nyata.

Kamampuh aplikatif di dieu nya éta kamampuh ngarobah, ngamodifikasi, ngadémonstrasikeun, ngoperasikeun, jeung ngalarapkeun hiji kamampuh anu dina ieu panalungkan mangrupa kamampuh nulis sisindiran.

Kamampuh aplikatif anu dimekarkeun dina ieu panalungtikan nya éta soal nulis sisindiran, diantarana:

1) Soal Ngalengkepan

Pék lengkepan ku hidep paparikan di handap!

Salila milu ka dinya

Téangan roda padati

.....
.....

2) Soal Nulis Sisindiran

Pék jieun ku hidep conto sisindiran paparikan jeung rarakitan saluyu téma anu ditangtukeun ka unggal kelompok!



YAYASAN PENDIDIKAN DASAR DAN MENENGAH (YPDM) PASUNDAN

SMP PASUNDAN 6 BANDUNG

Jalan Sumatera No. 41 tlp. (022) 4237328 fax (022) 4202881 bandung 40117

**SOAL NULIS SISINDIRAN
(PRATÉS)**

Wasta :
Mata Pelajaran :
Kelas :
Poé/tanggal :

I. Lengkepan padalisan sisindiran di handap kalawan bener!

A. Paparikan

1. *Ka kulah nyiar kapiting
ngocok endog
Ulah sok liar
osok loba gogodana*

2.
.....

*Lain nyeri ku panyakit
kabogoh direbut batur*

3.
.....

*Kuring gé baheula mah dénok
ayeuna mah nini-nini*

B. Rarakitan

4. *Sok hayang nyaba ka
sok hayang nyaho nanjakna
Sok hayang nanya nu pundung
sok hayang nyaho.....*

6.
.....

*Ayeuna urang paanggang
moal lami tepang deui*

7. *Lamun loba lauk gedé
tangtu loba lalawakna*

.....
.....

II. Jieun Sisindiran di handap kalawan bener!

A. Paparikan

7.

B. Rarakitan

8.

Soal–soal anu dijieun baris dibikeun nalika panalungtik ngalakukeun pratést jeung pascatést.

Anapon skala peunteun dina ieu panalungtikan nya éta ngagunakeun modél anu disebutkeun ku Halim jeung Haris (dina Skripsi Lilis, 2009:56) dina skala 1-5 anu kritéria saperti tabél di handap:

Tabél 3.1

Pedoman Meunteun Nulis Sisindiran

No	Unsur anu dipeunteun	Skala Peunteun	Skor Siswa
1	Eusi gagasan	1 – 5
2	Organisasi Eusi tur pakaitna jeung téma anu ditangtukeun	1 – 5
3	Tata Basa	1 – 5
4	Pilihan struktur jeung Kosa kecap	1 – 5
5	Éjahan	1 – 5
	Jumlah	5 - 25

Keterangan:

5 = Alus pisan

4 = Alus

3 = Sedeng

2 = Cukup

1 = Kurang

3.3 Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nya éta téknik tés. Téknik tés dina ieu panalungtikan téh tujuanana pikeun meunangkeun data boh saméméh atawa sanggeus dibéré stimulus ka siswa dina prosés diajar-ngajar nulis sisindiran dina wangun paparikan jeung rarakitan. Ieu tés dilakukeun kusabab data utama nu dibutuhkeun téh nya éta data ngeunaan kamampuh siswa dina nulis sisindiran. Ieu data bisa dibeunangkeun ngaliwatan hiji ukuran kalawan ngagunakeun téknik tés.

Prosedur tés dilakukeun saméméh dibéré stimulus (pratést) tujuanana pikeun ngukur kamampuh awal siswa dina pangajaran nulis sisindiran, sedengkeun téknik tés anu dilaksanakeun sanggeus dibéré stimulus (pascatést), tujuanana pikeun ngukur kabersihan pangajaran nulis sisindiran kalawan ngagunakeun Modél Pangajaran Tématik. Kabersihan pangajaran nulis sisindiran ieu téh bisa katitén ku cara ngabandingkeun hasil tés awal jeung tés ahir nalika panalungtikan ékspérimén.

Tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés préstasi atawa *achievement test*, nya éta uraian objéktif. Tés uraian objéktif mangrupa patalékan

anu jawabanana mangrupa kacindekan atawa tafsiran kana pangajaran nulis sisindiran.

Tés kasastraan tingkat aplikatif nungtut kamampuh siswa dina ngalarapkeun pangaweruh téoritisna kana kagiatan praktis anu nyata (kongkrét). Hartina, siswa ditungtut bener-bener bisa migawé karya sastra sacara nyata. Ieu kamampuh mangrupa kamampuh ngarobah, ngamodifikasi, ngadémonstrasi, ngoperasikeun jeung ngalarapkeun hiji hal atawa kamampuh. Dina tés nulis sisindiran tingkat aplikatif lumaku dina soal ngalengkepan jeung nyieun sisindiran.

3.4 Téknik Ngolah Data

Téknik anu digunakeun pikeun ngolah data dina ieu panalungtikan téh ngagunakeun léngkah-léngkah ieu di handap:

- 1) Ngaberesihkeun data, mariksa deui jawaban réspodén, naha unggal patalékan dijawab atawa henteu, naha jawabanana bener atawa henteu, jsté;
- 2) Nyieun koding, hartina méré tanda atawa kode sangkan jawaban gampil dipariksa;
- 3) Ngalakukeun skoring atawa méré angka, hususna pikeun data anu dikuantifikasikeun jeung ngitung angka unggal jawaban réspodén;
- 4) Ngelompokkeun katégori jawaban kana tabél-tabél, diantarana tabél frékuénsi, tabél skor atawa nilai saluyu jeung kabutuhan;

- 5) Ngolah atawa ngitung data ngagunakeun statistik deskriptif saperti proposi, rangking, nilai rata-rata itung, modus, médian simpangan baku jeung variansi, saluyu jeung kapentinganana;
- 6) Ngadéskripsikeun hasil-hasil ngitung dumasar kana tabél, cover, jsté;
- 7) Nyieun interprétasi hasil data anu diolah dina wangun ucapan-ucapan verbal saluyu jeung masalah panalungtikan;
- 8) Data satuluyna dianalisis pikeun uji hipotésis.

Data panalungtikan anu diolah téh dina enas-enasna mah ditujukeun pikeun mikanyaho:

- 1) Éféktivitas Modél Pangajaran Tématik dina Pangajaran Nulis Sisindiran Wangun Paparikan jeung Rarakitan Siswa Kelas VIII C SMP Pasundan 6 Bandung Taun Ajaran 2010-2011;
- 2) Kamampuh nulis sisindiran siswa kelas VIII C SMP Pasundan 6 Bandung Taun Ajaran 2010-2011 saméméh jeung sanggeus dilaksanakeun pangajaran ngagunakeun Modél Pangajaran Tématik;
- 3) Béda anu signifikan dina kamampuh nulis sisindiran siswa kelas VIII C SMP Pasundan 6 Bandung Taun Ajaran 2010-2011 saméméh jeung sanggeus dilaksanakeun pangajaran ngagunakeun Modél Pangajaran Tématik.

Pikeun maluruh hal di luhur, dilakukeun analisis data, anu léngkah-léngkahna saperti ieu di handap:

a) Méré Peunteun

Hasil pratés jeung pascatés dipariksa jeung dianalisis anu satuluyna ditabulasikeun, tujuanana pikeun mikanyaho rata-rata peunteun siswa, standar déviiasi jeung varians tina masing-masing kelompok. Lian ti éta pikeun mikanyaho normalitas data kudu ditéangan ngagunakeun uji normalitas. Sedengkeun pikeun mikanyaho homogén henteuna varians sampel kudu ngaliwatan uji homogenitas pikeun mikanyaho frekuensi peunteun pangajaran nulis sisindiran. Panalungtik ngadéskripsikeunana dina wangun tabél peunteun anu nyoko kana kriteria anu geus ditangtukeun.

Anapon skala peunteun dina ieu panalungtikan nya éta ngagunakeun modél anu disebutkeun ku Halim jeung Haris (dina Skripsi Lilis, 2009:56) dina skala 1-5 anu kritériana saperti tabél di handap:

Tabél 3.2
Pedoman Meunteun Nulis Sisindiran

No	Unsur anu dipeunteun	Skala Peunteun	Skor Siswa
1	Eusi gagasan	1 – 5
2	Organisasi Eusi tur pakaitna jeung téma anu ditangtukeun	1 – 5
3	Tata Basa	1 – 5
4	Pilihan struktur jeung Kosa kecap	1 – 5
5	Éjahan	1 – 5
	Jumlah	5 - 25

Keterangan:

5 = Alus pisan

4 = Alus

3 = Sedeng

2 = Cukup

1 = Kurang

Pikeun meunteun hasil sisindiran siswa digunakeun pedoman meunteun saperti tabél 3.2. Dumasar kana pedoman di luhur skor maksimal nya éta 25, skor anu kahontal ku siswa dirobah jadi skor atah kalawan ngagunakeun rumus:

$$\text{Skor atah} = \frac{\text{skor kahontal}}{\text{Skor maksimal}} \times 100$$

Keterangan: KKM = 60

Peunteun Maksimal = 100

Katégori : Peunteun ≥ 60 , siswa dianggap mampuh nulis sisindiran

Peunteun < 60 , siswa dianggap can mampuh nulis sisindiran

Sangkan leuwih écés, skor ahir siswa ditabulasikeun dina tabél di handap.

Tabél 3.3

SKOR TÉS NULIS SISINDIRAN SISWA

No	Ngaran Siswa	A	B	C	D	E	Σ	P	%	Katégori
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)	(8)	(9)	(10)	(11)
1										
2										

Katerangan:

A = Eusi gagasan

B = Organisasi eusi

C = Tata Basa

D = Kosa Kecap

E = Éjahan

Σ = Jumlah total

P = Peunteun

% = Perséntase

b) Data dianalisis pikeun nguji hipotésis, carana ngagunakeun uji sipat data:

a. Uji Normalitas Data

Tujuan diayakeun uji normalitas nya éta pikeun ngayakinkeun yén kamampuh siswa téh miboga distribusi anu normal, salaku sarat anu kudu dicumponan pikeun nguji dua kamampuh rata-rata. Pikeun nangtukeun yén data téh miboga sifat anu normal atawa henteu, cara ngitungna ngagunakeun rumus *Chi kuadrat* (X^2).

Pikeun nangtukeun uji normalitas, léngkah-léngkahna nya éta:

(1) Nangtukeun skor panggedéna jeung pangleutikna. Éta skor téh ditingali tina jumlah (Σ) kecap larapna merenah.

(2) Ngitung rentang (r) ngagunakeun rumus ieu di handap:

$$r = \text{skor panggedéna} - \text{skor pangleutikna}$$

(3) Nangtukeun jumlah kelas (k)

$$k = 1 + 3,3 \log n$$

(4) Nangtukeun panjang kelas interval (p)

$$p = \frac{r}{k}$$

(5) Nyieun tabél distribusi frékuénsi peunteun tés awal jeung tés ahir kalayan ngagunakeun tabél ieu di handap.

Tabél 3.4

Distribusi Frékuénsi Peunteun

No.	Kelas Interval	f_i	x_i	x_i^2	$f_i x_i$	$f_i x_i^2$
1.						
2.						
Σ						

(6) Ngitung rata-rata (*méan*) peunteun tés awal jeung tés ahir kalayan ngagunakeun rumus ieu di handap:

$$\bar{X} = \frac{\sum f_i x_i}{\sum f_i}$$

Keterangan:

\bar{X} = rata-rata (*méan*)

Σ = jumlah (*sigma*)

f_i = jumlah data

x_i = nilai tengah

(Sudjana, 1992:70)

(7) Ngitung standar déviasi (*s*) kalayan ngagunakeun rumus ieu di handap:

$$s = \sqrt{\frac{n \sum f_i x_i^2 - (\sum f_i x_i)^2}{n(n-1)}}$$

(Sudjana, 1992:93 – 95)

(8) Ngitung frékuénsi observasi jeung frékuénsi ékspéktasi (perkiraan).

(a) Nyieun tabél frékuénsi observasi jeung frékuénsi ékspéktasi

Tabél 3.5

Frékuénsi Obsérvasi jeung Frékuénsi Ékspéktasi

Kelas Interval	O _i	b _k	Z _{itung}	Z _{tabél}	L	E _i	$\frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$
X²							

(b) Nangtukeun O_i (frékuénsi observasi)

(c) Nangtukeun batas kelas (b_k)

(d) Ngitung Z_{itung} (transformasi normal standar bébas kelas)

$$Z = \frac{(b_k - \bar{x})}{s}$$

(e) Nangtukeun $Z_{\text{tabél}}$

(f) Ngitung legana unggal kelas interval (L)

(g) Ngitung frékuénsi ékspéktasi (E_i)

$$E_i = n \times L$$

(h) Nangtukeun nilai X^2 (chi kuadrat)

$$X^2 = \sum \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

(Sudjana, 1992:273)

(9) Nangtukeun derajat kabébasan (dk)

$$dk = k - 3$$

(Sudjana, 1992:293)

(10) Nangtukeun harga $X^2_{\text{tabél}}$

(11) Nangtukeun normalitas ngagunakeun kritéria ieu di handap.

(a) Lamun $X^2_{\text{itung}} < X^2_{\text{tabél}}$, hartina data atawa populasi distribusina normal.

(b) Lamun $X^2_{\text{itung}} > X^2_{\text{tabél}}$, hartina data atawa populasi distribusina teu normal.

(Arikunto, 2006:320)

b. Uji Homogénitas

(1) Ngitung variasi (s^2) unggal kelompok

Variasi téis awal

$$S_1^2 = \frac{n \sum f_i x_i^2 - (\sum f_i x_i)^2}{n(n-1)}$$

Variasi tés ahir

$$S_2^2 = \frac{n \sum f_i x_i^2 - (\sum f_i x_i)^2}{n(n-1)}$$

(Sudjana, 1992:95)

(2) Ngitung harga variasi (F)

$$F = \frac{\text{variasi anu leuwih gedé}}{\text{variasi anu leuwih leutik}}$$

(3) Ngitung derajat kabébasan (dk)

$$dk = n - 1$$

(4) Nangtukeun harga $F_{\text{tabél}}$

(5) Nangtukeun homogén henteuna data dumasar kana kritéria ieu di handap.

(a) Lamun $F_{\text{itung}} < F_{\text{tabél}}$ hartina variasi sampel homogén.

(b) Lamun $F_{\text{itung}} > F_{\text{tabél}}$ hartina variasi sampel teu homogén.

(Sudjana, 1992:250)

c. Uji Gain (Uji Bédana Rata-rata)

Tujuan gain téh pikeun nangtukeun naha aya bédana anu signifikan antara nilai tés awal jeung tés ahir. Tina uji gian, bisa meunangkeun gambaran ngeunaan pangaruh digunakeunana Modél Pangajaran Tématik kana kamampuh nulis sisindiran wangun paparikan jeung rarakitan siswa kelas VIII C SMP Pasundan 6 Bandung. Pikeun nguji gian digunakeun tabél ieu di handap.

Tabél 3.6

**UJI GAIN (d) TINGKAT KAMAMPUH NULIS SISINDIRAN
WANGUN PAPARIKAN JEUNG RARAKITAN NGAGUNAKEUN
MODÉL PANGAJARAN TÉMATIK**

No.	Ngaran Siswa	Nilai Tés Awal	Nilai Tés Ahir	d	d ²

d. Uji hipotésis

Pikeun nangtukeun uji hipotésis, léngkah-léngkahna nya éta:

- 1) Nangtukeun mean tina béda tés awal jeung tés ahir kalawan ngagunakeun

rumus:

$$Md = \frac{\sum d}{N}$$

(Arikunto, 2006:307)

- 2) Derajat kebebasan (db) kalawan ngagunakeun rumus:

$$Db = n - 1$$

(Arikunto, 2006:308)

- 3) Ngitung t kalawan rumus:

$$\sum x^2 d = \sum d^2 - \frac{(\sum d)^2}{N}$$

(Arikunto, 2006:308)

$$t = \frac{Md}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{N(N-1)}}}$$

(Arikunto, 2006:306)

- 1) Lamun $t_{itung} > t_{tabel}$, hartina hipotésis ditarima, yén Modél Pangajaran Tématik éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis nulis sisindiran wangun paparikan jeung rarakitan siswa kelas VIII C SMP Pasundan 6 Bandung.
- 2) Lamun $t_{itung} < t_{tabel}$, hartina hipotésis ditolak, yén Modél Pangajaran Tématik henteu éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis nulis sisindiran wangun paparikan jeung rarakitan siswa kelas VIII C SMP Pasundan 6 Bandung.

3.5 Uji Coba Kegiatan Ngajar

a). *Praté*s

Léngkah-léngkahna:

- Guru ngabagikeun soal nulis sisindiran ka siswa, lobana dalapan soal anu eusina opat soal paparikan jeung opat soal rarakitan,
- Siswa dibéré waktu kurang leuwih 50 menit pikeun ngeusian,
- Soal dikumpulkeun ka guru pikeun dibéré peunteun.

b). *Treatment* diajar nulis sisindiran ngagunakeun Modél Pangajaran Tématik

c). *Pascatést*

Léngkah-léngkahna:

- Guru ngabagikeun soal nulis sisindiran ka siswa, lobana dalapan soal anu eusina opat soal paparikan jeung lima opat rarakitan,
- Siswa dibéré waktu kurang leuwih 50 menit pikeun ngeusian,
- Soal dikumpulkeun ka guru pikeun dibéré peunteun.

